



## ENSTRIKSYON SOU FASON POU RANPLI FÒMILÈ “DEMANN POU MEDIKAMAN” AN

PA siyen fòmilè sa a jiskaske ou te fè yon konsiltasyon avèk alafwa yon Medsen Swanyan (medsen k ap fè preskripsyon an) ak yon Medsen Konsiltan ki te dakò pou patisipe nan Lwa sou Lanmò avèk Diyite Washington nan (Washington Death with Dignity Act) epi soumèt fòmilè eta ki obligatwa yo.

Si ou pa anmezi pou siyen non w, ou kapab fè yon lòt mak kòm siyati, depi temwen yo rekonèt ke li reprezante siyatif w. Yon lòt mak ki kouran se yon “X”.

Tanpri li nòt sa a sou fòmilè konsènan kilès ki kapab, epi kilès ki pa kapab yon temwen. Toude temwen yo dwe wè w k ap siyen fòmilè sa a. Tout dat ki sou fòmilè a dwe idantik, sinon fòmilè a p ap valid.

- Yon kopi fòmilè “Demann pou Medikaman” an dwe ale kote Medsen Swanyan an (medsen k ap fè preskripsyon an).
- Nou rekòmande pou konsève yon kopi pou dosye w yo.

Si ou genyen kesyon oswa si ou ta renmen jwenn asistans pou ranpli fòmilè sa a, kontakte End of Life Washington.

*End of Life Washington se yon òganizasyon ki pa pou fè pwofi ki bay enfòmasyon, konsèy, ak sipò emosyonèl pou moun k ap fè fas ak maladi nan faz tèminal oswa maladi ki pa ka geri yo. Nou defann swen bon jan swen nan fen lavi, itilizasyon direktiv davans, ak swen ki santre sou pasyan. Nou defann dwa pasyan ki kalifye yo pou itilize Lwa sou Lanmò avèk Diyite Washington nan (Washington Death with Dignity Act). Konfidansyalite estrikteman pwoteje. Pa janm genyen yon frè pou sèvis nou yo.*

# DEMANN POU MEDIKAMAN POU METE FEN AK LAVI MWEN NAN YON FASON KI IMEN EPI KI DIY

Mwen, \_\_\_\_\_ se yon adilt ki gen yon bon lespri.  
Prenon Dezyèm Prenon Non fanmi

M ap soufri avèk \_\_\_\_\_, ke medsen asistan mwen an te detèmine se yon maladi tèminal ki pa ka geri, ki irevokab ki pral lakoz lanmò nan lespas sis mwa epi ki te konfime sou pwèn medikal pa yon medsen konsiltan.

Yo te enfòme m nèt sou dyagnostik mwen an, pwonostik nati medikaman yo preskri ak risk potansyèl ki asosye yo, rezilta yo espere ak altènativ ki posib, ki genyen ladan swen pou konfò, swen ospis, ak kontwòl doulè.

Mwen mande pou medsen swanyan mwen an preskri medikaman sou sa mwen ka administre poukont mwen pou m mete fen ak lavi m nan yon fason ki imen epi ki diy epi pou m kontakte yon famasyon pou bay preskripsyon an.

Mete Inisyal nan Youn

- \_\_\_\_\_ Mwen te enfòme fanmi mwen pou desizyon mwen an epi yo te pran opinyon yo an konsiderasyon.
- \_\_\_\_\_ Mwen te deside pou pa enfòme fanmi mwen konsènan desizyon mwen an.
- \_\_\_\_\_ Mwen pa gen fanmi pou enfòme desizyon mwen an.

Mwen konprann mwen gen dwa pou m anile demann sa a nenpòt lè.

Mwen konprann tout dimansyon demann sa a epi mwen prevwa mwen pral mouri lè mwen pran medikaman yo pral preskri yo. Anplis mwen konprann ke byenke pifò lanmò rive nan lespas twa èdtan, lanmò mwen ka pran plis tan epi doktè mwen te konseye m konsènan posibilite sa a.

Mwen fè demann sa a volontèman epi san rezèvasyon; epi mwen aksepte tout responsablite moral pou aksyon mwen yo.

Anplis de sa, mwen deklare mwen gen yon bon lespri, epi mwen pa aji sou presyon, fwod, oswa enfluyans san rezon.

Siyati: <b>Please only use this for reference. Only English form is honor in WA. Thank you.</b>	Konte Rezidans:	Dat:
--	-----------------	------

## DEKLARASYON TEMWEN YO

Lè nou mete inisyal epi siyen anba a, nou deklare ke moun k ap fè epi k ap siyen demann ki anwo a:

Temwen 1    Temwen 2

Inisyal    Inisyal

- \_\_\_\_\_ 1. Nou konnen l pèsonèlman oswa li te bay prèv idantite;
- \_\_\_\_\_ 2. Te siyen demann sa a nan prezans nou nan dat aprè siyati moun nan;
- \_\_\_\_\_ 3. Ta sanble yo gen yon bon lespri epi li pa fèt sou presyon, fwod oswa enfluyans san rezon;
- \_\_\_\_\_ 4. Se pa yon pasyan ke youn nan nou sèvi kòm medsen swanyan pou li.

Non an Majiskil detache: Temwen 1	Siyati:	Dat:
Non an Majiskil detache: Temwen 2	Siyati:	Dat:

**REMAK:** Yon temwen pa ka yon moun ki: (1) lye pa san, maryaj, oswa pa adopsyon ak moun k ap fè demann sa a oswa (2) genyen dwa ak nenpòt pati nan siksesyon byen moun nan aprè li mouri oswa (3) posede, opere, oswa anplwaye nan etablisman swen sante kote moun k ap fè demann lan ap resevwa tretman medikal oswa li pa dwe yon rezidan ladan l. Lòt temwen an kapab lye pa san, maryaj, elatriye. Si pasyan an se yon pasyan ki entène nan yon etablisman swen sante, youn nan temwen yo se pral yon moun ki dezinye pa etablisman an. Medsen swanyan an (medsen k ap fè preskripsyon an) pa kapab yon temwen.